

Department of Labor
Divizyon Salè ak Lè (Wage and Hour Division)



(Revise an Jiyè 2008)

Fich Enfòmasyon # 1: Sektè Konstriksyon an Dapre Lwa sou Nòm Travay Ekitab la (FLSA: Fair Labor Standards Act)

Fich enfòmasyon sa bay jeneral enfòmasyon konsènan aplikasyon [FLSA](#) a pou sektè konstriksyon an.

Karakteristik yo

Biznis ki kouvri nan sektè sa, angaje yo nan aktivite nouvo konstriksyon oubyen rekonstriksyon. Reparasyon oswa renovasyon biling komèsyal ak/oswa rezidansyèl ki la deja, ni konstriksyon wout ak pon, se yon pati nan sektè sa tou. Aktivite travay sa yo antre nan sektè konstriksyon an: penti, sablaj, rejwentman, twati, goutyè, Jaysiman, foraj pwi, enstalasyon revètman sòl ak amenajman peyizaje.

Asirans

Yon biznis nan sektè konstriksyon an dwe genyen de oswa plis travayè epi genyen yon revni anyèl \$500,000 oswa plis pou li soumet a FLSA a. Kouvèti endividyièl aplike a travayè ke travay yo enplike yo regilyèman nan komès ant eta ("interstate commerce"). Tout moun k ap travay oswa k ap jere machandiz k ap sikile nan komès ant eta oswa k ap travay pou ekspansyon enstalasyon komès ki egziste sijè endividyièlman a pwoteksyon FLSA ak egzijans [salè minimòm](#) ak [pèman lè siplemantè](#), san konsiderasyon sou volim vant mèt travay la. Lòt moun, tankou gadyen, konsyèj ak travayè antretyen k ap fè travay ki gen rapò etwa epi ki dirèkteman endispansab pou aktivite ant eta sa yo, kouvri tou pa FLSA a.

Egzijans yo

Mèt travay la ki kouvri selon FLSA a dwe konfòme yo ak [egzijans achivaj \(recordkeeping requirements\)](#) Règleman, [29 CFR Part 516](#).

Epitou, yon mèt travay la dwe etabli yon semèn travay (7 peryòd 24 è konsekitif) epi li dwe peye [lè siplemantè](#) lè lè travay yo depase 40 è nan yon semèn travay. Pratik peye lè siplemantè a sèlman apre 80 èdtan nan yon peryòd pèman chak de semèn ilegal paske chak semèn travay dwe fèt separeman.

Pou travayè ki pa egzonere yo, mèt travay la ki kouvri yo dwe peye [salè minimòm](#) Federal la a yon fwa edmi tarif pèman nòmal la pou tout lè travay ki depase 40 èdtan nan yon semèn travay. Bisnis sa yo dwe okouran tou de vyalasyon potansyèl [egzijans pou travay jèn moun](#) FLSA a. Sa espesyalman kritik akoz nati danjere travay ki fèt la ak zouti ki itilize nan sektè sa.

Si mèt travay la fè travay sou yon pwoje ki finanse pa federal oswa yon pwojè ke gouvènman Federal la te bay èd nan finansman pwojè a, gen yon je nòm travay ki diferan epi ki pi strik nan yon sans ki aplike. Tipikman sa t ap egzije yo peye travayè k ap travay sou kontra sa yo yon "tarif salè ki anvigè".

[Salè Minimòm Jèn Moun](#): Amandman 1996 nan FLSAa pèmèt mèt travay la yo peye [Jèn Moun](#) yo yon Salè Minimòm ki pa pi piti ke \$4.25 pa è a anplwaye ki gen pi piti pase 20 tan pandan premye 90 jou kalandriye konsekitif yo apre anbochman inisyal pa anplayè yo a. Lwa a genyen sèten pwoteksyon pou travayè ki entèdi mèt travay la yo revoke travayè yo pou anplwaye lòt moun nan plas [Salè Minimòm Jèn Moun yo](#).

Pwoblèm Tipik yo

(1) Si yo pa anrejistre tout vrè lè yo travay yo pou enkli tan travay la anvan oswa aprè orè a. (2) Diminye lè travay yo lè yo itilize tèm tankou tan pann oswa reta akoz lapli. (3) Si yo pa konpanse pou poz pou manje yo kote anplwaye a pa dechaje konplantman de tout travay pou I jwi tan pou manje a san entèripsyon. (4) "Changman" lè siplemantè yo oswa pèman lè siplemantè nan fòm "comp time" nan. (5) Si yo pa konbine lè travay pou rezon siplemantè yon travayè nan plis pase yon klasifikasyon djòb pou menm mèt travay la a nan menm semèn travay la. (6) Si yo pa separe epi peye lè siplemantè sou baz yon semèn travay lè anplwaye yo touche sou yon baz chak de semèn oswa pa kenzén. (7) Si yo pa peye pou trajè soti nan biwo pou ale nan chantye epi retounen.

Kèk Lòt Lwa Travay Pètinan: (1) [Lwa sou Refòm Imigrasyon ak Kontwòl \(The Immigration Reform and Control Act\)](#) egzije mèt travay la yo pou ranpli epi kenbe fòm I-9 yo pou verifye kalifikasyon pou travay tout moun ki anboche apre 6 Novamm 1986. (2) ([Lwa sou Sezi sou Salè \(Wage Garnishment Law\)](#)), limite kantite nan revni yon moun yo ka sezi legalman epi entèdi revokasyon yon travayè yo sezi salè l pou pèman yon sèl dét; (3) [Lwa sou Pwoteksyon Poligraf sou Anplwaye \(The Employee Polygraph Protection Act\)](#) ki anpeche pifò mèt travay prive yo itilize nenpòt kalite tès detektè mansonj swa pou pwosedi seleksyon anvan travay swa pandan travay la; (4) [Lwa sou Konje Familyal ak Konje Medikal \(The Family and Medical Leave Act\)](#) egzije mèt travay ki kouvri yo pou yo bay travayè ki kalifye yo plis pase 12 semèn konje ak garanti anplwa non peye chak ane pou rezon familyal ak rezon medikal ki presize. (5) [Lwa Davis-Bacon ak Lwa ki Lye yo \(The Davis-Bacon and Related Acts\)](#) egzije pèman salè ki anvigè nan pwojè konstriksyon ki finanse oswa ede pa federal.

Kote pou Jwenn Lòt Enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon, ale sou Sit Entènèt Divizyon Salè ak Lè a (Wage and Hour Division): <http://www.wagehour.dol.gov> epi/oswa rele liy enfòmasyon ak asistans gratis nou an, ki disponib de 8 è a.m. jiska 5 è p.m. nan fizo orè ou a, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243).

Piblikasyon sa se pou jeneral enfòmasyon e yo pa dwe konsidere l nan menm fason ak deklarasyon pozisyon ofisyèl ki genyen nan règleman sa yo.

Department of Labor
Frances Perkins Building
200 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20210

1-866-4-USWAGE

TTY: 1-866-487-9243
[Contact Us](#)